



Prepare pou Summer Rising K–8 2023!

Chè Nouyòkè,

Ane pase, elèv atravè vil la te patisipe nan yon pwogram konplè aprantisaj pandan ete a —Summer Rising—ki gen ladan aktivite amizan ak ranfòsman, soti nan pwomnad nan pak ak vizit mize, rive nan bonjan eksperyans syans konpitè ak robotic. Mwen te gen chans pou m vizite kèk lokal Summer Rising ane pase epi mwen te emèveye pou jan m te wè fason timoun nou yo te apresye sa y ap aprann ak eksplòre yo.

Pwogram gratis sa a se yon avantaj reyèl pou elèv nou yo ak fanmi yo, epi mwen trè kontan anonse nou pral ofri l ankò ete sa a—kounye a avèk yon pwosesis aplikasyon ki pi ekitab ak enklizif.

[Summer Rising 2023](#) ap bay sipò akademik amizan, kalite siperyè pou ede konbat pèt nan aprantisaj pandemik lan koze, ansanm avèk anpil opòtinite pou jwe, kreye, ak eksplòre. Elèv Vil Nouyòk nan klas K-8yèm ane pral kapab vin enterese nan nouvo bagay, epi devlope ladrès pandan y ap konekte avèk kamarad yo, kominote lekòl la, ak vil estrawòdinè nou an. Tout pwogram yo ap ofri sipò sosyal, emosyonèl ak akademik timoun yo bezwen pou yo pwospere andedan ak andeyò lekòl.

Nou kontan yon lòt fwa ankò pou patenarya nou fè avèk Depatman Jèn ak Devlopman Kominotè pou sèvi anviwon 110.000 elèv atravè senk borough yo. Enskripsyon yo ap ouvri 17 avril, avèk yon pwosesis aplikasyon amelyore. Olye yon apwòch premye vini, premye sèvi, kounye a ou pral kapab klase plizyè pwogram nan lòd ou prefere yo a. Sa pral amelyore chans ou pou w resevwa yon plas nan yon lokal ki pi bon pou pitit ou a.

Lè n ap ranpli plas ki disponib yo, nou bay priyorite pou elèv ki gen obligasyon pou yo ale nan lekòl ete, elèv ki nan lojman tanporè ak foster care, elèv ki nan pwogram IEP 12 mwa, ak moun ki gen yon koneksyon lokal avèk yon pwogram nan kominote a oswa kominote lekòl la nan yon ane lekòl. Nou te fè chanjman sa yo dapre opinyon fanmi, òganizasyon kominotè, ak lekòl nou yo, epi mwen rekonesan pou sijasyon tout moun te fè. Menm avèk amelyorasyon sa yo, elèv ki gen obligasyon pou yo ale nan pwogram ete yo ap kapab jwenn yon plas nan yon lokal ki afilye avèk lekòl yo ye a.

Mwen ankouraje w pou ale nan link pòtal aplikasyon an jou 17 avril la: nyc.gov/SummerRising. Ou ka wè pòtal la nan lòt lang epi ou ka ale ladan sou nenpòt aparèy ki gen koneksyon entènèt. Nou bay kowòdonatè paran trening pou yo ede fanmi ki bezwen sipò pou ranpli aplikasyon an. Peryòd aplikasyon an ap fèmen 1ye me, epi n ap konfime nan ki lokal yo voye pitit ou a anviwon yon semèn apre pa imèl.

Mwen kontan anpil pou m retounen avèk pwogram Summer Rising lan! Tout elèv merite opòtinite pou yo kontinye aprann pandan tout ane a. Mwen gen pou bay plis detay sou dewoulman pwogram lan nan semèn k ap vini yo, epi mwen gen konfyans nou pral fè Summer Rising 2023 a pi bon pase tout sa avan yo.

Plane wo,

David C. Banks
Chanselye

Videyo Rezime Semèn lan



Men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou soutit ki tradui: Klike sou icon "CC" a. Klike sou icon "Setting" lan epi chwazi "Subtitles / CC". Chwazi "Auto-translate" epi chwazi lang ou an.

Si w pa vle resevwa mesaj imèl you PS+You yo ankò, tanpri [pa abone \(unsubscribe\)](#).